



## Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650  
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of  
THE BISHOP

---

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

5 out 2023

Chè frè ak sè nan Kris la:

Le 12/13 out, pawas nou yo pral fè yon koleksyon pou ede Legliz nan Amerik Latin nan ak Fon Solidarite pou Legliz la an Afrik. Lajan yo yap kolekte yo pral divize pou (2) de inisyativ sa yo. Pandan plis pase 50 ane, Katolik Ozetazini ap sipòte ministè pastoral, katechetik ak lavi fanmi, etid seminè ak pwogram fòmasyon pou sè ak frè relijye yo nan fè don bay Legliz nan Amerik Latin ak Karayib la. Koleksyon an ede dyosèz ki pi pòv yo jwenn nesesite debaz yo ke yo pa t ap kapab peye san èd sa epi tou ki tap anpeche yo sèvi fidèl yo yon fason efikas.

Fon Solidarite pou Legliz An Afrik la fè yon diferans reyèl nan lavi Katolik an Afrik pou plis pase 15 ane atravè sipò li nan pwogram fòmasyon pou klèje ak relijye ak lòt ministè pastoral ki adrese bezwen Legliz Afriken an k ap grandi rapidman. Lè nou bay nan Fon Solidarite a li ede fòme seminaris yo jodi a pou yo vin lidè pastoral demen.

Jenerozite w, ansanm ak souvni lapriyè ou, pral byen lwen pou fè Levanjil Jezikri simaye nan tout mond lan.

Avèk rekonesans mwen epi jenewozite w kap kontinye ak tout volonte lapriyè m, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito  
Evèk Palm Beach